

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Éksisténsi wanoja téh minangka perkara nu jadi kacapangan dina pasualan *gender* jeung sosial sawatara mangsa katukang. Wanoja sarwa kawatesanan, lantaran ditempatkeun dina posisi *subordinasi* jeung widang doméstik. Ku kituna, sakumaha nu ditepikeun ku Rumaf, spk., (2018, kc. 194) pikeun ngungkulan éta pasualan, timbul gerakan féminisme jeung parobahan sosial nu nyawang kabébasan individu téh mangrupa dasar tina sagala kabébasan nu jadi sarat utama dina kamajuan hirup manusa. Kabébasan hiji jalma jadi inti tina hak asasi manusa nu diaku sacara umum. Éta hal nuduhkeun yén dina sawangan éksisténsi, kabébasan téh lain ngan saukur dihartikeun bébas ngalakukeun sakumna hal nu dipikahayang, tapi jadi perkara nu ngawajibkeun manusa sangkan bisa nangtukeun pilihan hirupna, kaasup tanggung jawab kana naon-naon nu geus jadi pilihanana.

Pasualan nu karandapan ku wanoja kiwari beuki réa, tapi wanoja ogé teu weléh némbongkeun éksisténsina. Féminisme salaku pamarekan nu bisa diaplikasikeun pikeun ngabaladah karya sastra Sunda, tangtu jadi puseur utama ayana éksisténsi wanoja. Harti féminisme téh lain ngan saukur ngaguar kalungguhan wanoja, tapi mangrupa parobahan sosial nu ngarojong wanoja sangkan wani némbongkeun éksisténsina jeung boga citra anu hadé di lingkungan masarakatna. Saluyu jeung pamadegan Nisya, spk., (2020, kc. 165), perkara nu ngaguar éksisténsi wanoja téh tuluy ngalaman parobahan nu enya-nya.

Gelarna féminisme téh lantaran ayana sawangan nu nganggap yén wanoja téh darajatna leuwih handap ti batan lalaki, sarta sok diapilainkeun kahananana. Saluyu jeung pamadegan Isnendes (2010b, kc. 101) féminisme sacara umum nyaéta idéologi nu ngabébaskeun wanoja. Ku kituna, upama nyawang kana ambahan nu leuwih lega, féminisme téh mangrupa gerakan wanoja pikeun nolak sakabéh hal nu aya patalina jeung kaayaan wanoja nu diapilainkeun, boh dina widang ékonomi, politik, boh kahirupan sosial masarakatna.

Rifa Salsa Sabila, 2025

**ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVELÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA**  
(*Ulukan Struktural jeung Féminisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Féminisme téh réa wandana. Tapi, ulikan féminisme nu digunakeun dina ieu panalungtikan mah nyaéta féminisme éksisténsialis nu nyawang pentingna kabébasan wanoja dina némbongkeun éksisténsina. Sanajan wanoja ngarandapan pasualan *gender* jeung sosial nu teu manggih tungtung, tapi ngajalankeun éksisténsi diri mah mangrupa kawajiban dirina. Sakumaha nu ditétélakeun ku Isnendes, (2010a, kc. 52), wanoja kudu miboga ajén-inajén karakter mandiri nu teu bisa didulangtinandékeun ku lalaki, tapi boga pamadegan jeung kasadaran salaku wanoja. Ku kituna, wanoja kudu wani jadi subyék dina nangtukeun kahanan dirina.

Sastra salaku eunteung kahirupan, bisa méré contoh ka pamaca ngeunaan kabébasan jalma dina néangan ésénsi hirup nu keur dilakonanana. Saluyu jeung pamadegan Teeuw (2013, kc. 17) nu nétélakeun yén sastra téh lain ngan saukur jadi média hiburan atawa mamanis hirup, tapi sastra ogé bisa mangaruhan pola pikir jeung paripolah manusa. Éta hal bisa katitén salah sahijina dina karya sastra wangun prosa modéren nyaéta novélét.

Novélét sacara implisit bisa méré pangajaran pentingna kasabaran dina nyanghareupan pasualan atawa tangtangan hirup. Anapon novélét nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia. Panalungtik milih ieu novélét sabab nyoko kana sawatara hal, di antarana nyaéta ieu buku téh kungsi jadi nominasi Hadiah Sastra Rancagé taun 2025. Iwal ti éta, ieu novélét téh némbongkeun kamahéran pangarang dina nulis novél nu eusina ngagambarkeun budaya féminisme dina karya sastra. Diébréhkeun kalawan tapis pisan nepi ka ngahasilkeun karya nu matak ngirut kapanasaran pamaca. Ieu novélét ngagambarkeun kaayaan jaman modéren, éta hal katitén dina kelas sosial jeung gaya hirup tokoh utama nu ngagunakeun *baby sitter* pikeun mantuan urusan rumah tanggana. Anapon kode sastra nu kapaluruh dina ieu novélét téh nyaéta réana ajén-ajén féminis nu nyampak dina tokoh utama novélét *Asmarandana Liwung*. Éta hal téh jadi perkara nu kudu ditapsirkeun kalawan enya-enya, lantaran karya sastra nu ditulis ku pangarang moal ngandung harti iwal ti pamacana sorangan nu napsirkeun éta karya.

Salian ti nyoko kana pasualan-pasualan nu karandapan ku wanoja jeung usaha

wanoja dina némbongkeun éksisténsina, novélét *Asmarandana Liwung* téh miboga kaonjoyan séjén, nyaéta ditulis ku Aam Amilia nu ahli dina jagat féminisme di tatar Sunda. Aam Amilia remen nulis karya sastra nu eusina kalintang féminis, kayaning buku *Puputon* nu eusina nyaritakeun wanoja nu dipoligami. Sanajan poligami diwenangkeun, tapi wanoja ilaharna nolak dipoligami. Éta hal téh ngahudangkeun panasaran sawatara pamaca pikeun nalungtik éta buku. Iwal ti éta, Aam Amilia ogé tapis pisan ngagambarkeun fénoména sosial dina karya-karyana. Sanajan sumber buku nu ditalungtik dijudulan *Asmarandana Liwung*, tapi eusi éta buku téh lain ngan saukur ngagambarkeun kaliwung Asamarandana salaku wanoja hungkul. Réa pisan frasa-frasa jeung kalimah nu ngajelaskeun yén éta buku téh kalintang féminis pisan.

Dina éksisténsi, wanoja bisa bébas nangtukeun pilihan dirina. Sakumaha nu kagambar dina tokoh Asmarandana, dina ieu novélét manéhna digambarkeun jadi wanoja nu éksis, tapi ngarandapan sawatara pasualan nu antukna pangarang nempatkeun posisi tokoh Asmarandana aya dina dua pilihan nu beurat antara kabébasan atawa tanggung jawab. Dumasar kana éta hal, kasang tukang pasualan nu karandapan ku tokoh téh mangrupa hal nu gedé pangaruhna pikeun nandeskeunkeun éksisténsi dirina. Upamana waé, tokoh utama dina novélét *Asmarandana Liwung* nu ngarandapan sawatara konflik, boh internal boh éksternal. Éta novélét ngagambarkeun yén prosés nyangking kabagjaan jeung jati diri hirup téh tangtu ngabutuhkeun kasabaran jeung waktu nu teu sakeudeung. Sabar dina harti lain nuduhkeun sipat nahan diri tina amarah, tapi leuwih kana kamampuh pikeun nguatkeun jeung tuluy ngamekarkeun dirina. Sok sanajan manéhna keur aya dina kaayan liwung.

Éksisténsi téh kabébasan dina ngungkulan sagala pasualan nu ngawatesanan hiji kaayaan. Nurutkeun *Kamus Utama Basa Sunda* éksisténsi nyaéta perkara nu aya (nyata), atawa kahanan. Éksisténsi wanoja nyaéta kajian féminisme nu nyawang ngeunaan kahanan wanoja, idéntitas salaku wanoja, jeung peran wanoja dina kahirupan sosial masarakat. Iwal ti éta, féminisme jadi pamarekan nu ngalibetkeun *kesetaraan gender*, ngalawan diskriminasi, sarta nandeskeun yén

wanoja téh bébas nangtukeun jalan hirupna (Azzahra (2022); Isnendes, (2010); Pratiwi spk., (2024)). Kabébasan wanoja dina ngajalankeun kahirupan téh masih kénéh kawatesanan ku aturan-aturan nu ngabalukarkeun ayana *kesenjangan gender*. Éta hal katitén ku ayana kayakinan masarakat nu nganggap yén wanoja mah kawajiban utamana ngurus rumah tangga jeung ngasuh budak. Leuwih ti kitu, Winasih (2024, kc. 3517) nyebutkeun yén urusan wanoja téh teu jauh ti dapur, sumur, jeung kasur.

Stéréotip urang Sunda ilaharna miboga anggapan wanoja nu atikanana luhur mah sok digambarkeun positif, ari nu atikanana handap sok digambarkeun sacara négatif (Nurfajriani, 2018, kc. 190). Hartina, wanoja nu sakolana nepi ka paguron luhur, ilaharna sok miboga citra nu hadé di masarakat. Anapon wanoja nu atikanana menengah rata-rata sok teu dipaliré. Padahal, kapinteran jeung kaparigelan wanoja mah teu bisa disawang dina sisi atikan wungkul.

Saupama dipapandékeun jeung tokoh Asmarandana nu dicaritakeun dina ieu novélét, sok sanajan teu tamat kuliah, tapi manéhna boga karep gedé pikeun neuleuman élmu kajiwaan tepi ka diajénan ku saha baé. Éta hal katitén lantaran dina kalungguhanana, wanoja Sunda téh geus ngalaman parobahan ti jaman ka jaman. Sakumaha nu ditétélakeun ku Iskandar (2012, kc. 100) dina sawatara carita tradisional Sunda, ilaharna wanoja téh digambarkeun sampurna. Sampurna dina harti hadé rupana, pinter, jeung aya dina posisi nu dipihormat. Ari dina sawangan masarakat Sunda, ilaharna wanoja téh cukup ku parigel dina ngurus dapur jeung kasur. Padahal, wanoja ogé bisa bébas ngalakukeun naon baé salila teu ngarempak aturan jeung norma. Pasualan-pasualan anu patali jeung éksisténsi wanoja réa kapanggih dina karya sastra utamana dina novél. Ku sabab wangun novél ilaharna sok panjang, gagasan utama atawa pasualan-pasualanna ogé kawilang leuwih jembar. Salah sahijina nyaéta gagasan ngeunaan éksisténsi wanoja.

Struktur formal dina ieu objék panalungtikan diguar ngagunakeun pamarekan struktural. Struktur carita nu nyangkaruk dina éta novélét kayaning téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), sarta sarana sastra (judul, puseur sawangan, jeung gaya basa). Saluyu jeung pamadegan Stanton, (2019, kc. 20) ayana pedaran struktur

carita nyaéta méré jalan keur panalungtik pikeun medar ngeunaan éksisténsi wanoja dina éta carita. Anapon pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kritik sastra féminisme éksisténsialis salaku ulikan féminisme nu medar kumaha carana wanoja némbongkeun kahanan dirina. Éksisténsialis nyawang wanoja salaku jalma nu luhur darajatna. Lantaran, ngan manusa nu bisa éksis, sadar kana dirina, jeung nyaho cara nempatkeun dirina sorangan. Féminisme éksisténsialis némbongkeun kahanan wanoja nu kuat, mandiri, intelék, jeung modéren.

Pikeun nganalisis éksisténsi wanojana, panalungtik ngagunakeun tiori Simone De Beauvoir. Beauvoir (dina Tong, 2006, kc. 255) nétélakeun yén tiori ngeunaan wanoja nyoko kana tiori nu ditétélakeun ku Jean Paul Sartre nu ngébréhkeun ayana tilu modus, nyaéta aya dina dirina (*etre en soi*), aya keur dirina (*etre pour soi*), jeung aya keur batur (*etre pour les autres*). Sedengkeun stratégi éksisténsi wanojana nyoko kana wanoja karir, wanoja intelék, wanoja ngamasarakat, jeung wanoja modéren (Beauvoir, 2006, kc. 274-277).

Panalungtikan ngeunaan éksisténsi wanoja dina karya sastra, saméméhna pernah dilaksanakeun. Kayaning panalungtikan nu dilaksanakeun ku Aprillina taun (2021) nu judulna nyaéta “Eksistensi Perempuan dalam Novél *Mintarsih Ledhek Pepujanku* serta Relevansinya terhadap Kemampuan Memahami Isi Petikan Novél di SMA”. Analisis éksisténsi wanojana ngagunakeun téori Simone De Beauvoir. Hasil panalungtikanana nuduhkeun yén tokoh utama bisa némbongkeun éksisténsi dirina ku cara ngalakukeun strategi éksisténsi nyaéta jadi wanoja karir, wanoja nu intelék, jeung wanoja nu ngamasarakat, sarta éta novél téh bisa dirékomendasikeun jadi bahan pangajaran novél di SMA. Aya ogé panalungtikan ngeunaan “Eksistensi Perempuan dalam Novél *Yuni* Karya Ade Ubaidil: Kajian Feminisme” nu dilaksanakeun ku Indriana taun (2024) ogé analisisna ngagunakeun tiori Simone De Beauvoir. Sabada tokoh utama ngalaman kateuadilan, katideresa, jeung kurangna citra nu hadé di masarakat, tokoh Yuni némbongkeun éksisténsina salaku wanoja ku cara jadi wanoja nu mandiri, miboga karir, jadi wanoja nu ngamasarakat, intelék sarta wani nolak ka liyan-ana.

Rifa Salsa Sabila, 2025

**ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA**  
(Ulikan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Katitén dina sawatara panalungtikan saméméhna, nu ngulik éksisténsi wanoja dina novél basa Sunda can kapaluruh. Ari nu ngulik ngeunaan féminismena mah geus pernah dilaksanakeun ku sawatara mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda. Contona kayaning panalungtikan Ayuni Zulfikar taun (2021) nu judulna “Babandingan Citra Wanoja dina Novél *Puputon* Karya Aam Amilia jeung Novél *Surga yang tak Dirindukan* Karya Asma Nadia (Ulukan Struktural jeung Feminisme)”. Hasil panalungtikanana nuduhkeun babandingan aspék tokoh utama nu ngawengku aspék fisik, aspék watek, aspék kasang tukang sosial, aspék pakasaban jeung babandingan citra wanoja nu aya dina dua éta novél. Dua novél éta miboga struktur carita nu hadé lantaran ditulis ku pangarang-pangarang nu geus kasohor jeung ahli dina bidangna. Tuluy panalungtikan nu ditulis ku Hanida taun (2023) nu judulna “Citra Wanoja dina Novél *Sagagang Jacarandra* Karya Risnawati pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA: Ulukan Struktural jeung Féminisme”. Hasil panalungtikanana nuduhkeun nyampakna citra wanoja boh éta citra diri atawa citra sosialna, sarta éta novél téh cocog digunakeun dina pangajaran maca novél ku sabab geus nyumponan sarat kritéria dina milih bahan pangajaran.

Tangtu waé aya bédana antara ieu panalungtikan, jeung panalungtikan saméméhna. Bébédanana nyaéta aya dina objék nu ditalungtik. Panalungtikan saméméhna mah ngagunakeun karya sastra bahasa Indonésia salaku objékna. Iwal ti éta, tiori éksisténsi nu digunakeun dina panalungtikan saméméhna ngan saukur ngagunakeun salah sahijina, boh wangun éksisténsi atawa stratégi éksisténsina wungkul. Ari dina ieu panalungtikan mah digunakeun duanana. Anapon panalungtikan nu dilaksanakeun di Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda ogé ilaharna ngagunakeun ulikan citra wanojana henteu éksisténsi wanoja. Sasaruana tina ieu panalungtikan nyaéta sarua ngulik dina widang kritik sastra féminisme.

Ieu panalungtikan penting dilaksanakeun pikeun mikanyaho éksisténsi wanoja nu karandapan ku tokoh wanoja nu aya dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia sabada ngarandapan pasualan-pasualan dina rumah tanggana. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa méré mangpaat tur élmu pangaweruh ngeunaan pasualan-pasualan nu karandapan ku wanoja modéren jeung kumaha cara

ngungkulan éta pasualan ku cara leuwih némbongkeun deui éksisténsi wanoja sangkan teu ngarandapan nu ngaranna subordinasi. Dumasar kana sawatara hal nu geus diécéskeun di luhur, ku kituna ieu panalungtikan téh penting dilaksanakeun tur dijudulan “Éksisténsi Wanoja dina Novélét *Asmarandana Liwung* Karya Aam Amilia (Ulukan Struktural jeung Féminisme)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta kieu.

- 1) Kumaha struktur carita dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha éksisténsi wanoja nu aya dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Sakumaha nu geus dipedar dina kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban deui panalungtikan dina widang sastra hususna sastra Sunda wangun prosa nyaéta novélét, ogé pikeun mikawanoh eusi jeung éksisténsi wanoja nu aya dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia ngaliwatan analisis struktur carita jeung éksisténsi wanoja.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun di handap, nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nyaéta:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita dina novélét *Asmarandana Liwung*; jeung
- 2) ngadéskripsikeun éksisténsi wanoja nu aya dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu bisa dicangking dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalengkepan widang paélmuan sastra jeung kritik sastra féminisme. Hususna pangaweruh ngeunaan éksisténsi wanoja nu nyampak dina karya sastra, sarta ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan larapna unsur struktural jeung éksisténsi wanoja salaku alternatif dina nganalisis karya sastra.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dicangking ku panalungtik atawa masarakat umum.

- 1) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran pangaweruh dina widang sastra.
- 2) Pikeun masarakat, bisa méré pangaweruh ngeunaan karya sastra hususna ulikan ngeunaan struktur carita, jeung éksisténsi wanoja nu nyampak dina novélét *Asmarandana Liwung*.
- 3) Pikeun akademisi, bisa dijadikeun tatapakan dina panalungtikan séjén ngeunaan éksisténsi wanoja nu nyampak dina karya sastra.

## 1.5 Ambahan Panalungtikan

BAB I “Bubuka”, ngadéskripsikeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

BAB II “Tilikan Pustaka”, ngadéskripsikeun tiori nu jadi dasar tina ieu panalungtikan nyaéta novél-novélét, sajarah kamekaran novél, papasingan novél, ulikan struktural, struktural Robert Stanton, kritik sastra féminisme, sajarah kamekaran féminisme, papasingan féminisme, jeung féminisme éksisténsialis Simone De Beauvoir. Sarta panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III “Padika Panalungtikan”, ngadéskripsikeun métode jeung desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

Rifa Salsa Sabila, 2025

**ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA**  
(Ulikan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB IV “Hasil jeung Pedaran”, ngadéskripsikeun hasil jeung pedaran analisis struktur carita, sarta éksisténsi wanoja nu ngawengku wangun éksisténsi jeung stratégi éksisténsi.

BAB V “Kacindekan jeung Rékoméndasi”, ngadéskripsikeun ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan, diwuwuhan ku saran jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan ka hareupna sangkan bisa leuwih hadé.